

DWA TRAVAYÈ YO NAN VIL NEW YORK

Salè Minimòm

Anplwaye k ap travay nan Vil Nouyòk yo dwe touche omwen yon sèten montan pou chak èdtan toudepan kalite travay yo fè. Sa yo se règ jeneral yo, men gen kèk eksepsyón epi yo ankouraje travayè yo pou yo konsilte yon avoka si yo panse yo gendwa p ap resevwa salè minimòm lan.

Kalite Travay	Salè Minimòm 2024 - NYC	Salè Minimòm 2025 - NYC
Salè Minimòm Jeneral. Li aplike pou travayè ki pa kouvri ak yon règ pi presi.	\$16 pou chak èdtan	\$16,50 pou chak èdtan
Travayè Restorasyon Rapid yo. Aplike pou travayè nan chèn restoran restorasyon rapid yo (pa egzanp: McDonald's, Taco Bell, Dunkin, elatriye...)	\$16 pou chak èdtan	\$16,50 pou chak èdtan
Travayè ki Depann sou Poubwa yo. Sa a aplike sèlman pou travayè nan restoran ak otèl ki touche poubwa, tankou sèvè, "bussers", bamann, elatriye... REMAK: Travayè ki depann sou poubwa yo dwe resevwa ase poubwa pou salè yo ak poubwa yo reprezante omwen \$16 chak èdtan an total chak semèn.	Travayè Sèvis Manje yo (pa egzanp: sèvè, "bussers") - \$10.65/h. Lòt Travayè Sèvis (pa egzanp: moun ki fè livrezon) - \$13.35/h.	Sa rete pou detèmine
Éd Swen Adomisil. Li aplike pou pifò travayè swen adomisil ki gen responsabilite prensipal pou founi asistans adomisil ak aktivite lavi chak jou, aktivite ki esansyèl nan lavi chak jou oswa travay ki gen rapò ak sante.	\$18,55 pou chak èdtan	\$19,10 pou chak èdtan

Lè siplemantè

- Pifò travayè yo (eksepte travayè, pwofesyonèl ki trè byen touche ak kèk lòt travayè) dwe touche 1.5 fwa tarif nòmal èdtan yo pou tout èdtan travay chak semèn ki depase 40 èdtan.
- Yon travay ki peye yon salè chak jou, chak semèn oswa chak mwa bay yon anplwaye toujou oblige peye pi gwo tarif lè siplemantè a pou èdtan ki pi depase 40 yo chak semèn.
- Travay yo pa oblige peye lè siplemantè pou travay plis pase 8 èdtan chak jou, pou travay nan yon wikenn, oswa pou travay nan yon jou ferye.
- Anplwaye ki touche salè minimòm oswa pi ba a gen dwa pou yo touche yon èdtan siplemantè nan salè minimòm nan si (a) yo travay yon orè chak jou ki dire plis pase 10 èdtan - sa yo rele salè "Orè ki Etale yo"; oswa (b) yo travay yon woulman travay ki gen yon poz obligatwa plis pase inèdtan nan mitan woulman travay yo an - sa rele peman "woulman travay ki etale"
. Peman woulman travay ki etale an pa obligatwa pou travayè nan restoran ak nan otèl yo.

Peman pou Tout Lè Travay yo

Travay yo oblige peye anplwaye yo pou tout èdtan travay yo epi yo pa kapab fè dediksyon nan salè paske yo pa kontan ak pèfòmans yon anplwaye, oswa pou pini yon anplwaye. Pifò anplwaye yo dwe touche salè yo chak semèn nan espas yon semèn apre fen chak semèn travay. Gen kèk travay ki peye chak jou, men sa pa obligatwa legalman.

Aksidan nan Espas Travay la

Si yon anplwaye blese nan travay li, li ka gen dwa ak alokasyon "Konpansasyon Travayè". Alokasyon sa yo ka gen ladan yo swen medikal gratis pou trete aksidan nan travay la, ak lajan si anplwaye a vin envalid pou l travay. Gen delè kout anplwaye yo dwe respekte, kidonk si ou sibi domaj kontakte yon kabinè avoka ki espesyalize nan lwa konpansasyon travayè imedyatman.

Diskriminasyon

Li ilegal nan Vil Nouyòk pou yon travay fè diskriminasyon kont yon anplwaye akoz reliyon, orijin nasyonal, ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap oswa andikap yo wè nan anplwaye sa a. Li ilegal pou yon travay refize anboche yon moun, peye l mwens, revoke l, anmède l, oswa trete l pi mal nan lòt fason, si rezon an se akòz youn nan karakteristik ki pwoteje sa yo.

Asèlman Seksyèl

Anplwaye yo sipoze kapab fè travay yo san yo pa anmède yo seksyèlman nan espas travay la kit se bò kote yon sipèviziè oswa yon kòleg travay. Asèlman seksyèl ilegal ka gen ladan l demann pou angaje nan konduit seksyèl oswa deklarasyon ki gen asèlman nan men yon kòleg travay ki gen nati seksyèl (pa egzanp: kòmantè ki pa apwopriye ki gen rapò ak sèks).

Konje Maladi

Anplwaye nan Vil Nouyòk (ki pa anplwaye gouvènman) gen dwa pou pran jiska 40 èdtan konje maladi chak ane nan objektif swa (a) swen oswa tretman pwòp pwoblèm sante yo oswa yon manm fanmi; oswa (b) sekirite yo, ki gen ladan yo chèche asistans oswa pran lòt mezi sekirite si anplwaye a oswa yon manm fanmi l gendwa viktima nenpòt zak oswa menas vyolans domestik, kontak seksyèl endezirab, pèsekisyon, oswa trafik moun.

Anplwaye ki travay pou pi gwo konpayi (5 anplwaye oswa plis) gen dwa pou yo touche pou jiska 40 èdtan konje maladi chak ane. Travayè domestik yo gen dwa tou pou yo touche pou jiska 40 èdtan konje maladi chak ane. E anplwaye ki travay pou gwo konpayi (100 oswa plis anplwaye) yo gen dwa pou yo touche pou jiska 56 èdtan konje maladi chak ane. Anplwaye yo akimile èdtan konje maladi yo dapre kantite tan yo te travay pou konpayi yo.

Travayè Restorasyon Rapid yo

Dapre Lwa Semèn Travay Ekitab Vil Nouyòk la, travay yo dwe bay travayè yo ki nan restoran restorasyon rapid yo orè ki previzib ak chans pou yo travay plis èdtan. Epitou, travay yo pa ka revoke travayè restorasyon rapid oswa redwi èdtan yo nan plis pase 15% san yon rezon ki jis oswa yon rezon ekonomik ki lejitim. Restoran restorasyon rapid yo se sa yo ki fè pati yon chèn, prensipalman sèvi manje ak bwason, ofri sèvis limite, epi yo se youn nan 30 oswa plis etablisman sa yo nan tout peyi a. Kliyan yo kòmande manje oswa bwason epi yo peye anvan yo chita pou yo manje oswa pran manje yo ale, oswa yo plase yon kòmand pou livrezon andeyò sit la.

Travay Fòse ak Trafik Travay

Li ilegal pou yon anplwaye fòse oswa fè presyon sou yon anplwaye pou travay pou li, tankou nan menase pou fè arete l oswa depòte l si l pa travay. Li ilegal tou pou travay yo mennen anplwaye Ozetazini pou travay avèk fo pwomès sou kondisyon travay yo, oswa atravè fòs oubyen presyon.

Ki Dwa Travayè Imigran yo Genyen?

Travayè imigran yo, ki gen ladan yo moun ki pa nan peyi a legalman e ki san otorizasyon travay yo pwoteje apati prèske tout lwa travay yo. Sèl eksepsyon a se dèské travayè ki pa gen otorizasyon travay yo pa kalifye pou alokasyon asirans chomaj si yo revoke yo nan travay yo.

Kijan Mwen Ka Jwenn Èd oswa Plis Enfòmasyon?

Ou gendwa anmezi pou jwenn yon konsiltasyon legal gratis ak asistans nan men Catholic Migration Services li w rele 877-525-2267..

Travayè yo ka kontakte ajans gouvènman sa yo tou pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent:

- Pou vyolasyon apwentman ki poko peye, salè minimòm ak lè siplemantè: Ministè Travay Eta New York la, (888) 469-7365.
- Pou konje maladi ak vyolasyon travayè restorasyon rapid yo: Ministè Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil Nouyòk la, Rele 311 epi mande Biwo Politik ak Nòm Travay Ministè Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè an.
- Pou diskriminasyon ak asèlman seksyèl: Komisyón Dwa Moun Vil Nouyòk la, (212) 306-7450.
- Pou konpansasyon travayè, kontakte New York City Bar Association pou mande yon referans, (212) 626-7373.